



Pou Piblikasyon Imedya: 29/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA A AP DESIDE MÈKREDI SI POU RALANTI RE-OUVÈTI ESPAS POU MANJE ANDEDAN YO NAN VIL NEW YORK**

*Li anonse Ekspè sante piblik mondyal yo bay apwobasyon pou Rejyon Lwès New York antre nan Faz 4 re-ouvèti a demen*

*Li mande Prezidan Trump pou li pibliye Dekrè Egzekitif ki egzije tout ameriken yo pote mask an piblik*

*Li anonse yo ap òganize MTV Video Music Awards ane 2020 an avèk yon oditwa redwi oswa okenn nan Barclays Center a nan Brooklyn dimanch 30 out*

*Li anonse yo pral egzije Gwo Magazen yo pou adopte filtè klimatizasyon ki kapab filtre COVID-19 la*

*Li bay enstriksyon ak Lapolis Eta New York pou kreye Patwouy tanporè sou Aplikasyon Lalwa sou Fe Datifis*

*0,84 Pousan Tès yo Te Fè Yè pou COVID-19 yo te Pozitif*

*7 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè*

*Ospitalizasyon yo bese nan 853*

*Konfime 391 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 392,930; gen nouvo ka nan 35 Konte*

Gouvènè Cuomo Andrew M. Cuomo te anonse Eta a pral deside mèkredi si pou li ralanti re-ouvèti sal amanje andedan yo nan Vil New York nan kad Faz 3 re-ouvèti. Yo te montre espas pou manje andedan yo poze yon risk nan lòt Eta yo, epi espas pou manje deyò yo ap mache byen. Eta New York pral revize done yo, li pral konsilte avèk aktè yo epi pran yon desizyon final.

Gouvènè a te anonse tou ke ekspè sante piblik mondyal ki ap konseye Eta a sou re-ouvèti a te bay apwobasyon pou Rejyon Lwès New York antre nan Faz 4 re-ouvèti a demen 30 jen 2020 an.

Gouvènè Cuomo te mande tou Prezidan Trump pibliye yon dekrè egzekitif ki egzije Ameriken yo pote yon mask an piblik epi pou li pote yon mask li menm.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke yo pral òganize Pri Mizik Videyo MTV (MTV Video Music Awards) ane 2020 an nan Sant Barclays (Barclays Center) dimanch 30 out la, avèk yon oditwa redwi oswa okenn oditwa.

Gouvènè a te bay enstriksyon tou ak Lapolis Eta New York pou li etabli yon nouvo Patwouy tanporè sou Aplikasyon Lalwa sou Fe Datifis pou anpeche yo pote fe datifis ilegal yo soti Pennsylvania vini New York. Etablisman Patwouy la se yon repons ak yon ogmantasyon nan itilizasyon fe datifis atravè Eta a, sa ki ge jenere plent jeneral ak repòtaj nan medya yo. Patwouy la pral an vigè jiska 3 jiyè.

Gouvènè a te anonse tou ke filtè klimatizasyon ki gen yon evalyasyon sou Valè Pwouve pou Efikasite Minimòm (Minimum Efficiency Reporting Value, MERV) ki kapab filtre patikil COVID-19 yo oswa mezi echanj lè ki sanble yo pral obligatwa pou re-ouvèti gwo magazen yo. Yon patikil COVID-19 gen yon dyamèt ki apwoksativman 0.125 mikwon. Yo te montre ke Filtè ki genyen yon MERV ki wo, tankou filtè Lè ak Patikil ki gen Wo Entansite (High Efficiency Particulate Air, HEPA) yo ede redwi prezans COVID-19 nan sistèm filtraj lè yo.

"Youn nan kesyon nou ap travay sou li nan New York se espas pou manje andedan yo, ki bay pwoblèm nan lòt kote nan peyi a paske viris la pwopaje nan espas fèmen, ki andedan yo ki gen sistèm lè kondisyone yo. Espas pou manje deyò yo mache trè byen nan tout Eta a, gen ladan Vil New York, kidonk Eta a pral revize done yo epi konsilte avèk aktè yo nan Vil New York", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen te kòmanse pale avèk pwopriyetè restoran yo ak aktè lokal yo sou risk-rannman konsènan espas manje deyò yo. Nou ap egzamine done yo, men sa se yon kesyon serye. Re-ouvèti nou mache trè byen. Nou pap fè bak, nou ap fè pwogrè. Anpil nan lòt Eta sa yo te oblije fè bak paske yo te kòmanse re-ouvri epi yo te oblije kanpe. Nou vle etidye kesyon sa a prensipalman nan Vil New York konsènan espas pou manje andedan yo epi nou pral genyen yon desizyon final opita mèkredi dekwa pou moun ki jere kalite biznis sa yo ka konnen kisa nou ap fè."

Gouvènè a te bay moun New York yo tou dènye enfòmasyon sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 aktyèl la. Kantite nouvo ka, pousantaj tès ki te pozitif ansanm ak anpil lòt pwen done itil disponib nan [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 853 (-16)
- **Pasyan ki Fèk Entènè nan Lopital** - 52 (-2)
- **Lopital Konte yo** - 27
- **Kantite ICU** - 216 (-13)
- **Kantite ICU yo te mete nan tib respiratwa yo** - 136 (-9)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 70,435 (+66)

- **Kantite Lanmò - 7**
- **Kantite Lanmò Total - 24,842**

Sou 46,428 tès yo te reyalize nan Eta New York yè, 391, oswa 0,84 pousan, te pozitif. Pousantaj tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se jan nou pral site la a:

<b>REJYON</b>	<b>VANDREDI</b>	<b>SAMDI</b>	<b>DIMANCH</b>
New York City	1.00%	1.10%	1.00%
Capital Region	0.80%	0.70%	0.50%
Central New York	0.50%	1.20%	0.50%
Finger Lakes	1.30%	0.70%	0.70%
Long Island	0.90%	0.80%	0.70%
Hudson Valley	1.00%	1.00%	0.60%
Mohawk Valley	2.40%	2.30%	2.20%
North Country	0.20%	0.30%	0.40%
Southern Tier	0.30%	0.30%	0.60%
Western New York	0.90%	0.80%	0.80%

Gouvènè a te konfime tou 391 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 392,930 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 392,930 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jwografik yo se jan nou pral site la a:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	2,099	2
Allegany	59	0
Broome	710	7
Cattaraugus	123	0
Cayuga	114	1
Chautauqua	123	0
Chemung	140	0
Chenango	146	0
Clinton	101	0
Columbia	463	0
Cortland	47	1
Delaware	91	0
Dutchess	4,201	3
Erie	7,249	21
Essex	42	0
Franklin	30	1
Fulton	256	1

Genesee	238	0
Greene	260	0
Hamilton	6	0
Herkimer	159	1
Jefferson	86	1
Lewis	30	1
Livingston	128	0
Madison	353	1
Monroe	3,709	19
Montgomery	118	0
Nassau	41,780	26
Niagara	1,228	2
NYC	214,939	189
Oneida	1,616	30
Onondaga	2,822	6
Ontario	257	1
Orange	10,716	3
Orleans	281	0
Oswego	196	1
Otsego	84	0
Putnam	1,325	2
Rensselaer	553	2
Rockland	13,580	4
Saratoga	549	1
Schenectady	799	7
Schoharie	58	0
Schuyler	12	0
Seneca	69	0
St. Lawrence	219	1
Steuben	266	0
Suffolk	41,339	33
Sullivan	1,451	0
Tioga	142	0
Tompkins	177	1
Ulster	1,778	0
Warren	263	0
Washington	246	0
Wayne	165	3
Westchester	34,798	18
Wyoming	95	0
Yates	46	1

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)